



Pou Piblikasyon Imedya: 09/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PWOMÈT 3 MILYON DOLA ANPLIS NAN ASISTANS POU IJANS POU PWOPRIYETÈ KAY YO NAN REJYON HUDSON VALLEY, NORTH COUNTRY, AK FINGER LAKES KI AFEKTE PA DÈNYE INONDASYON AN

Pwopriyetè kay ki gen revni ba ak modere yo nan Konte Clinton, Essex, Hamilton, Ontario, Putnam, Rockland, ak Westchester elijib kounye a pou sibvansyon jiska 50,000 dola pou reparasyon ki kalifye nan ka inondasyon

Aplikasyon an pral lanse vandredi 11 out sa a - enfòmasyon sou pwogram nan disponib [isit la](#)

Li bati sou angajman kontinyèl Gouvènè a pou sipòte Nouyòkè ki afekte pa inondasyon istorik ki ka touye moun yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jiska 3 milyon dola nan asistans ijans yo pral disponib pou pwopriyetè kay ki elijib yo nan uit konte ki afekte pa inondasyon ak dènye domaj tanpèt yo. Lajan Eta a pral bay pwopriyetè kay ki te sibi domaj nan rezidans prensipal yo yon sibvansyon reparasyon ijans nan konte sa yo – Clinton, Essex, ak Hamilton nan North Country; Ontario nan Finger Lakes; ak Dutchess, Putnam, Rockland ak Westchester nan Hudson Valley. Finansman sa a ajoute sou 3 milyon dola Gouvènè Hochul te anonse mwa pase a pou ede pwopriyetè kay ki afekte nan inondasyon istorik yo.

"Finansman adisyonèl sa a pral ede bay plis sekou pou plis Nouyòkè ki afekte nan inondasyon devastatè sa yo pandan y ap travay pou repara kay yo epi retounen nan lavi nòmal pa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an rete angaje l pou l ede Nouyòkè yo nan nenpòt fason posib nan kad efò rekiperasyon an apre tanpèt istorik mwa pase a."

Fon sibvansyon ijans yo anonse jodi a kouvri dega ki rive nan yon rezidans prensipal pou mèt kay ki respekte kondisyon revni pwogram nan. Biwo Renovasyon Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la pral sipèvize pwogram ki pral administre pa plizyè òganizasyon san bi likratif nan chak konte.

Pwopriyetè kay ki nan rejyon ki afekte yo ka aplike pou resevwa finansman pou kouvri depans reparasyon ijan ki nesesè pou mete kay yo nan yon kondisyon ki an sekirite epi

ki abitab. Travay elijib yo ka gen ladan reparasyon oswa ranplasman sistèm elektrik ak plonbri, sistèm ak aparèy chofaj, planche, klwazon sèch, izolasyon, fenèt, pòt, revètman lateral, ak twati. Yon lis konplè reparasyon kalifye ak kritè kalifikasyon yo disponib sou [sit entènèt](#) pwogram inondasyon HCR la.

Yo pral bay sibvansyon jiska 50,000 dola dapre yon seri travay administratè pwogram lokal yo apwouve. Aplikan yo dwe se pwopriyetè kay ki gen rezidans prensipal nan youn nan uit konte yo deziyen yo epi ki gen yon revni ki egal oswa pi ba pase 80 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Evènman metewolojik san parèy n ap sibi yo ap mete fado finansye enprevi sou do twòp pwopriyetè kay. Nou konnen Gouvènè Hochul te fè lojman an vin yon gwo priyorite nan administrasyon li a epi jodi a li ap demontre yon lòt fwa ankò angajman sa a nan asiye resous ki pral pèmèt Nouyòkè yo rete san danje nan kominote yo ak kay yo renmen yo."

Senatè Eta Pam Helming te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul pou repons li nan bay pwopriyetè kay yo asistans akoutèm sa a. Mwen espere ke lajan sa yo pral bay moun ak fanmi yo kèk soulajman anba estrès finansye sitiyoasyon sa a. Mwen rekonèt li ka pa ede tout moun epi n ap kontinye travay ak lòt patnè yo pou konekte rezidan yo ak resous yo."

Manm Asanble Jeff Gallahan te deklare, "Anons sa a se yon bon nouvèl. Apre mwen te avèk Gouvènè Hochul maten apre evènman inondasyon istorik sa a nan Canandaigua, mwen byen kontan ke nou te rejwenn finansman pwopriyetè kay Konte Ontario pou domaj pa yo ki te deja disponib pou rezidan Konte Orange yo. Canandaigua pa janm te wè nivo inondasyon ak domaj sa a anvan epi nou espere ke li pa janm wè li ankò. Li enperatif pou nou rebati pou nou kenbe Konte Ontario kòm yon premye kote pou viv, travay ak elve yon fanmi. Mwen espere kontinye travay ak Gouvènè a pou ede tout moun ki te afekte nan inondasyon katastwofik sa a."

George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare, "Sa a se yon bon nouvèl pou rezidan konte Westchester yo, sitou sila yo ki nan kominote ki te pi frape tankou Yorktown, Ossining, Cortlandt ak Peekskill. Sipò gouvènman federal la enpòtan anpil pou ede pwopriyetè kay yo remete lavi yo ansanm ankò. Nou vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip li ak sipò li nan ede rezidan nou yo retabli ak rekonstwi."

Chèf Egzekitif Konte Dutchess Marc Molinaro, te deklare, "Sa a se yon bon nouvèl epi nou remèsye Gouvènè a paske li te reponn demann nou an ak elaji èd pou enkli rezidan Konte Dutchess nou yo ki te devaste pa katastwòf la. Nou rekonesan pou entèvansyon ak sipò eta a."

Chèf Egzekitif Konte Rocklan lan, Ed Day, te deklare, "Administrasyon mwen voye senpati pou fanmi yo ki te afekte pa dènye tanpèt sa a, epi mwen voye rekonesans

sensè mwen bay Gouvènè Kathy Hochul ak ekip li a paske yo sonje rezidan yo ki toujou ap fè fas ak konsekans sa a. Nou ankouraje rezidan ki bezwen sipò finansye yo pou aplike pou asistans ki disponib kounye a nan Eta New York."

Chèf Egzekitif Konte Putnam Ian, Kevin Byrne, te deklare, "Mwa pase a, Konte Putnam te frape pa gwo lapli ak inondasyon istorik. Anpil rezidan te soufri gwo domaj nan pwopriyete pèsònèl pa yo epi yo bezwen plis soulajman, kidonk sa a se evidamman yon bon nouvèl. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak ekip li a nan DHSES paske yo te fè entèvanyon pou bay plis asistans nan men Eta a pou ede pwopriyetè kay yo ak fanmi yo ki toujou ap lite pou rekonstwi yon mwa apre. Nou toujou ap pataje enfòmasyon ak gouvènman eta a ak gouvènman federal yo pou ranfòse efò reprezantan Kongrè nou an ap fè pou pote plis asistans ki soti nan FEMA."

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Ontario a, Todd Campbell, te deklare, "Plis pase 180 kay rezidansyèl ak apatman nan Konte Ontario te afekte pa gwo lapli nan dat 9 jiyè a. Kominote nou an ini ansanm nan fason remakab pou ede nan repons ak efò netwayaj yo. Konte Ontario rekonesan dèskè Gouvènè Hochul ap mete lajan disponib pou pwopriyetè kay yo pou ede nan pwosesis rekonstriksyon pa yo."

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Hamilton Ian, Brian Wells, te deklare, "Konte Hamilton ta renmen remèsye Gouvènè Hochul ak estaf li a paske yo sipòte yon lòt fwa ankò kominote Adirondack nou yo. Soti nan repons rapid yo pandan ak apre inondasyon an rive nan sipò finansye ak administratif li kontinyèl li, nou apresye grandman angajman li anvè tout New York."

Prezidan Konte Essex la, Shaun Gilliliand, te deklare, "Konte Essex rekonesan anpil anvè Gouvènè Hochul pou resous adisyonèl pou rezidan konte yo ki te gen pwopriyete domaje nan inondasyon toupatou a ak gwo ki sot pase yo. Gwo Konte nou an te domaj ki ase laj ak egi nan anpil vil ak vilaj. Konte Essex pa poukont li ak Eta New York bò kote nou pandan n ap fè fas ak evènman meteworolojik sa yo ki deplizanpli san parèy."

Prezidan Lejislati Konte Clinton Ian, Mark Henry, te deklare, "Nou akeyi èd ki nesèsè yo epi nou rekonesan anvè Gouvènè pou asistans ki nesèsè pou pwopriyetè kay nou yo. Epi nou espere travay avèk Eta New York ak Gouvènè a pou jwenn èd adisyonèl pou minisipalite nou yo nan evènman inondasyon jiyè yo."

Majistra Canandaigua, Bob Palumbo, te deklare, "Nan non sila yo kite plis afekte pa evènman tanpèt nan dat 9 jiyè a, mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou repons li ak èd finansye li bay pwopriyetè kay yo. Lajan sa yo pral kontribiyè anpil pou soulaje estrès "ki jan pou m peye pou reparasyon ki nesèsè yo" ke nou te tande nan bouch anpil moun."

Sipèvizè Vil Canandaigua Jared Simpson te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul, Senatè Helming ak Manm Asanble Gallahan pou devouman yo anvè rezidan Konte Ontario yo. Finansman sa a pral pèmèt moun ki pi frape yo retounen sou pye yo pandan y ap travay nan pwosesis rekonstriksyon an. Sa reprezante tout nivo

gouvènman k ap travay ansanm pou bay kontribyab yo nan Vil Canandaigua ak kominote ki antoure yo ki te afekte pa inondasyon sa a sekou ki nesesè anpil."

Pwopriyetè kay ki elijib yo ka aplike pou finansman apati vandredi 11 out. Vizite hcr.ny.gov/ahc-flood-assistance-program pou plis detay.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418